An prensip, ou gen dwa rete pandan tout dire investigasyon aplikasyon demann azil ou a, apèl legal yo ladan l tou.

Sepandan, dwa ou genyen pou yo kenbe w la fini yonfwa OFPRA te fin pran youn nan desizyon ki vin annapre yo:

1. yo decide pou yo pa resevwa demann ou a paske ou deja gen pwoteksyon ki deja pwononse nan yon lòt Eta e si Eta sa a pa yon manm nan Inyon Ewopeyen an, yo ka transfere w ladan l (gade seksyon 3.3);
2. yon desizyon fèmti (gade seksyon 3.3.);
3. yo decide rejte demann ou an, yon aplikasyon demann azil ki te plase nan kad yon pwosedi akselere alòske ou soti nan yon peyi ki gen sekirite ;
4. yo decide rejte demann ou an, yon aplikasyon pou azil mete ki te plas nan kad yon pwosedi akselere alòske prezans ou sou teritwa nasyonal la reprezante yon menas grav pou lòd piblik
5. yo decide rejte demann ou a, yon demann pou rekonsiderasyon yo twouve ki admisib ;
6. yo decide pou yo pa resevwa demann ou an depi nan premye demann pou rekonsiderasyon an;
7. yo decide pou yo pa resevwa demann ou a oswa rejte l si ou gen sanksyon ekspilyon oswa yon entèdiksyon sou teritwa administratif oswa jidisyè yo e yo te plase w nan rezidans siveye oswa kenbe w nan gadavi oswa retansyon (gade seksyon "Gen yon lòd pou depòtasyon, yon entèdiksyon nan teritwa kote w ye a ke yon administrasyon oswa yon tribinal te decide kont ou? " nan seksyon 2.2.1).





Nan tout ka sa yo, yo ka retire sètifika aplikasyon demann azil la oswa yo pa renouvle l e yo ka lanse yon obligasyon pou kite teritwa Lafrans kont ou (gade seksyon 5).

3.2. Egzamen Tribinal Nasyonal pou dwa azil la (CNDA).

■ Peryòd apèl la.

Ou gen yon peryòd yon mwa apati lèt notifikasyon rejè OFPRA a pou prezante yon apèl devan CNDA a. Ou kapab :

- nan ka kote OFPRA ta pran yon desizyon pou yo pa resevwa demann ou a oswa rejte l, mande Tribinal la anile desizyon biwo a epi mande pwoteksyon ;
- nan ka kote yo deside akòde w benefis pwoteksyon siplemantè, mande pou yo ta rekonèt estati refijye w la. Nan ka sa a, ou kenbe benefis pwoteksyon siplemantè a ak dwa ki mache ak li yo (gade seksyon 6 "Dwa benefisyè pwoteksyon yo"), toutotan CNDA a pa rekonèt ou kòm yon refijye. Anplis de sa, si CNDA a pa rekonèt ou kòm yon refijye, li pa ka retounen sou pwoteksyon siplemantè OFPRA te akòde w anvan sa.

Apèl sa a dwe rive nan CNDA anvan peryòd delè yon mwa fini (pa egzanp, si ou te pase pran desizyon pou yo rejte demann ou an nan pòs la nan dat 20 janvyè, ou dwe depoze apèl ou a nan CNDA a nan dat 21 fevriye a minui pou pita). Apèl la dwe al jwenn CNDA a pa mwayen lèt ki anrejistre ak resi ke yo resevwa l, kit se pa mwayen lèt senp oswa pa faks. Se poutèt sa, kòm prekosyon ou dwe voye apèl ou a anvan dat ekspirasyon delè yon mwa a oswa anvan minui nan dat ekspirasyon an si se pa pa mwayen faks ou voye li. Si peryòd delè yon mwa gentan pase nan moman tribinal la vin resevwa apèl ou a, yo pap resevwa li, sa ki vle di yo ap rejte l san yon odyans oswa ni egzamen.

■ Asistans yon avoka.

Ou gen posiblite pou w jwenn yon avoka ki pou ede w prepare apèl ou a ak odyans ou a nan CNDA a. Se poutèt sa, ou ka aplike pou jwenn èd legal. Lè sa a, tout frè avoka yo nèt sou kont leta a e avoka a pa gen dwa mande pou peye l pou sa.

Pou aplike pou èd legal, ou dwe kontakte biwo asistans legal CNDA nan 15 jou ki vini apre yo te fin enfòmè w desizyon rejè OFPRA a.

Adrès Biwo Èd Legal (Bureau de l'aide juridictionnelle, BAJ) CNDA :

Tribinal Nasyonal azil la
35, rue Cuvier
93 558 MONTREUIL-SOUS-BOIS

Ou ka endike non yon avoka ki te dakò pou akonpaye w nan demach legal yo oswa mande CNDA chwazi youn pou ou. Si ou benefisye de èd legal, ou pa dwe peye avoka yo deziyen an, menm si li mande ou fè sa.

Y ap rejte demann pou jwenn èd legal ou fè a sèlman si apèl ou a parèt aklè ke yo pap ka resevwa.

Pandan egzamen aplikasyon ou pou èd legal ou a, yo sispann konte delè limit pou depoze apèl ou a nan CNDA a sèlman si demann ou an te fèt nan delè 15 jou yo. L ap redemare ankò apati de lè w resevwa lèt ki fè w konnen desizyon biwo èd legal la sou demann ou an. Se poutèt sa, ou gen yon nouvo dat limit pou w depoze apèl ou a devan CNDA, ki ekivalan a yon mwa mwens kantite jou ki pase ant dat lèt notifikasyon desizyon OFPRA a ak demann ou pou èd legal la.





Pa egzanp, si OFPRA fè w konnen desizyon rejè li a nan dat 15 janvyè, ou gen 15 jou pou fè yon aplikasyon pou èd legal. Si ou ranpli aplikasyon ou pou èd legal 20 janvyè, 5 jou apre lèt notifikasyon desizyon OFPRA a, w ap gen 26 jou apati de desizyon Biwo Èd Legal la pou w depoze apèl ou a.

■ Apèl la.

Kondisyon sa yo dwe respekte :

- Toudabò, pran san w pou w li tout eksplikasyon sou do desizyon rejè OFPRA a ;
- apèl la dwe ekri an franse sou papyè lib (pa gen okenn fòm espesifik) kote w ap mete non w, prenon, dat ak kote ou fèt, nasyonalite ak domisil.
- ou dwe siyen apèl ou a; si ou se yon minè, reprezantan legal ou dwe siyen li ;
- ou dwe ajoute yon kopi desizyon OFPRA nan apèl ou a;
- si yo mete aplikasyon demann azil ou nan kad pwosedi akselere, ou dwe mete kopi feyè enfòmasyon yo te ba w lè yo te anrejistre aplikasyon demann azil la (gade ribrik " kalifikasyon aplikasyon demann azil ou a ") nan seksyon 2.2.1);
- ou dwe jistifye apèl ou a, sètadi eksplike poukisa ou pa dakò ak rezon OFPRA a pran pou rejte demann nan oswa rezon ki te fè OFPRA ba ou benefis pwoteksyon siplemantè a e li pa rekonèt ou kòm yon refijye ;
- ou dwe ajoute dokiman ou posede ki konfime idantite w ak nasyonalite w ;
- ou dwe ajoute lòt dokiman yo tou pou konplete detay ou te deja rakonte yo ;
- si ou vle konteste oswa chanje lang ou te fè entèvyou a nan OFPRA, ou dwe endike li nan kontestasyon w lan epi ou dwe endike lang ou vle pou yo tande w yo. Si tribinal la dakò ak kontestasyon w lan sepandan pa gen yon entèprèt nan lang ou mande a, yo pral tande ou nan yon lang ke yo kwè ki rezonab e ou ka konprann.
- ou dwe kenbe prèv dokiman ou voye epi depoze nan kad apèl ou a, ansanm ak yon kopi li ;
- ou dwe enfòmè CNDA a nenpòt chanjman adrès;
- ou ka mande enfòmasyon sou dosye w la annapre anrejistreman apèl ou a.

Pou dokiman ki sètifye nasyonalite ou, li ta pi bon pou ou mete yon kopi nan dosye a epi konsève orijinal paspò ou oswa kat idantite nasyonal ou. Posesyon dokiman sa yo pral pèmèt ou resevwa mesaj ak enfòmasyon CNDA pral voye pa lapòs pou ou pa mwayen lèt anrejistre. Ou pral kapab prezante orijinal yo nan jou odyans lan si fòmasyon jijman an mande ou pou yo.

Pou dokiman ki ateste detay ou yo, li preferab ke ou voye orijinal yo nan dosye a epi konsève yon kopi. Y ap remèt ou dokiman sa yo ba ou nan jou odyans lan, si ou mande yo, oswa yo ka voye yo annapre pou pa mwayen lapòs. Dokiman ki konfime detay ak enfòmasyon w yo dwe tradui an franse. Si yo pa tradui, CNDA a pap kapab itilize yo. Sepandan, li pa obligatwa pou tradiksyon an fèt pa yon entèprèt ki sèmante, eksepte pou aksyon sityasyon sivil ak dokiman jidisyè oswa lapolis yo.

Si yo rele ou nan yon odyans piblik, ou kapab bay plis enfòmasyon alekri nan yon delè limit jan sa masyone nan avi konvokasyon w lan.

■ Avi resepsyon pou yon apèl.

Aprè w fin anrejistre apèl ou a, CNDA ap voye yon dokiman ki gen tit " avi resepsyon pou yon apèl " ba ou nan adrès ou te endike a. Dokiman sa a sètifye ke apèl ou a anrejistre.

Eksepte (gade seksyon " sispansyon apèl la " anba a), dokiman sa a pèmèt ou mande renouvèlman sètifika aplikasyon demann azil ou a, etandone yo otorize w rete an Frans jiskaske CNDA tranche sou demann ou an.





■ Sispansyon apèl la.

An jeneral, ou gen dwa pou fè apèl nan CNDA kont desizyon OFPRA pran pou rejte demann ou a e apèl sa a gen yon aspè sispansif otomatik, sa ki vle di ou kontinye jwi dwa pou rete an Frans jouk peryòd pou fè apèl la ekspire, nan ka ta gen apèl, jiskaske Tribinal la fè sòti desizyon li an.

Yon lòt bòt, si ou pèdi dwa pou w rete sou teritwa Lafrans lan anvan rejè final aplikasyon demann azil ou a (Gade seksyon "Lèt notifikasyon sou desizyon OFPRA a mete yon bout nan dwa ou genyen pou yo kenbe w la" nan seksyon 3.1), ou gen dwa pou fè apèl kont CNDA a kont desizyon OFPRA pran pou rejte oswa pou yo pa resevwa demann ou a men apèl sa a pa gen yon karaktè sispansif otomatik :

- ✓ **swa apèl la pa gen karaktè sispansif** epi yo ka bay yon lòd pou ekspilasyon w epi egzekite l yonfwa yo te pran youn nan desizyon ki vin annapre yo kont ou :
 1. OFPRA te deside pou yo pa resevwa demann ou a paske ou deja gen pwoteksyon ki deja pwononse nan yon lòt Eta e si Eta sa a pa yon manm nan Inyon Ewopeyen an, yo ka transfere w ladan l (gade seksyon 3.3);
 2. OFPRA te pran yon desizyon fèmti (gade seksyon 3.3.);
 3. OFPRA te deside pou yo pa resevwa demann ou an depi nan premye demann pou rekonsiderasyon ou te prezante nan sèl objektif pou kouri yon mezi ekspilasyon.
- ✓ **swa apèl la pa gen yon karaktè sispansif otomatik e ou ka mande tribinal administratif la pou yo sispann ekzekisyon mezi ekspilasyon yo te pran kont ou pandan apèl ou a nan CNDA a**, lè yo te pran youn nan desizyon ki vin annapre yo kont ou :
 1. OFPRA pran desizyon pou rejte yon aplikasyon demann azil nan kad pwosedi akselere a paske ou soti nan yon peyi ki gen sekirite ;
 2. OFPRA pran desizyon pou rejte yon aplikasyon demann azil nan kad pwosedi akselere a paske prezans ou sou teritwa nasyonal la reprezante yon menas grav kont lòd piblik
 3. OFPRA pran desizyon pou rejte l akòz yon demann pou rekonsiderasyon yo jije admisib;
 4. OFPRA te deside pou yo pa resevwa demann ou a akòz yon demann pou rekonsiderasyon ki pat prezante yon fason pou kouri yon mezi ekspilasyon;
 5. yo deside pou yo pa resevwa demann ou a oswa rejte l si ou gen sanksyon ekspilasyon oswa yon entèdiksyon sou teritwa administratif oswa jidisyè yo e yo te plase w nan rezidans siveye oswa kenbe w nan gadavi oswa retansyon (gade seksyon "Gen yon lòd pou depòtasyon, yon entèdiksyon nan teritwa kote w ye a ke yon administrasyon oswa yon tribinal te deside kont ou? " nan seksyon 2.2.1).

Ou ka mande sispansyon sa a, swa nan kad apèl ou kont yon mezi ekspilasyon, swa si yo te avèti w sou mezi ekspilasyon sa a anvan anrejistreman aplikasyon demann azil ou a e kote yon apèl kont mezi ekspilasyon sa a pap posib ankò nan moman yo ta arete w pou plase w nan rezidans siveye a nan lespas 48 èdtan apre plasman sa a.

■ Odyans nan CNDA a.

CNDA ap rele ou nan yon odyans pou revize apèl ou a. Yo pral voye avi sa a ba ou pa lapòs, omwen yon mwa anvan dat odyans lan, sof si se nan kad yon pwosedi akselere y ap egzamine apèl ou a, nan ka sa a yo pral rele w 15 jou anvan odyans lan.





Sepandan, si apèl ou a pa prezante yon eleman grav ki kapab konpwomèt desizyon OFPRA a, CNDA a kapab pran yon òdonans pou rejte apèl ou a san yo pa konvoke w nan yon odyans apre yon rapòtè fin egzamine dosye demann pa w la.

Si sa nesèsè, odyans lan ap fèt:

- swa nan lokal CNDA a, ki nan Montreuil oswa nan Palè Jistis la « Palais de Justice » (Ile de la Cité);
- oswa pa odyans videyo nan youn nan lokal Ministè Lajistis yo. Gen garanti sou konfidansyalite ak bon jan kalite transmisyon odyans videyo an.

✓ Komite jiridik la :

Komite Jiridik CNDA ki ap egzamine apèl ou ap prezide pa yon majistra. Li gen ladan l yon pèsonalite kalifye ki nonmen pa Wo Komisarya Nasyonzini pou refijye yo (UNHCR). Komite jiridik la ap deside sou apèl ou a sou baz eksplikasyon w yo ak sa avoka w te rapòtè, si ou gen youn apre li fin tande yon rapòtè, moun ki t ap analize aplikasyon demann azil ou a san li pa bay pwennvi pa li oswa enflyanse desizyon an.

Lè Biwo a te deside nan kad yon pwosedi akselere oswa lè li konsidere ke demann ou te inadmisib, se yon jij sèlman nan CNDA a k ap deside sou apèl ou a nan lespas senk semèn.

Sou inisyativ pa w oswa sou demann pa w, Tribinal la ka toujou deside kontinye antanke yon fòmasyon kolejyal, si li konsidere ke aplikasyon an pa apwopriye ak yon pwosedi akselere, li inadmisib, oswa li prezante yon difikilte grav.

✓ Entèpretasyon an :

CNDA a ap asire l gen yon entèprèt nan lang ke ou te endike lè w t ap anrejistre aplikasyon demann azil ou a ki prezan (gade seksyon "Lang w ap chwazi pou antretyen OFPRA yo") oswa, si ou pa, nan ka li ta enposib, nan yon lang ke ou gen ase konesans pou sa. Si ou vle jwenn sèvis yon entèprèt nan odyans lan devan OFPRA a, ou dwe fè sa nan moman apèl ou a devan CNDA a. Nan ka kote odyans ou an ap dewoule pa kominikasyon odyovizyèl, ap gen yon entèprèt prezan bò kote w nan sal kote odyans la nap dewoule a. Si li difisil pou jwenn yon entèprèt ki disponib fizikman avèk ou, odyans lan ap oblije tann pou li dewoule jiskaskè tribinal la sèten ke gen yon entèprèt ki disponib nan sal kote w chita.

✓ Prezans ou nan odyans lan :

Prezans ou nan odyans lan trè enpòtan. Nan ka ta gen anpèchman oswa reta, li enpòtan pou enfòmè CNDA a. Si ou pa kapab prezante nan odyans lan, ou ka mande yon ranvwa, eksplike rezon ki fè ou pa ka vini an alekri. Ranvwa a se pa yon dwa, se sèl prezidan komite jiridik CNDA a ki gen otorite pou li deside sou opòtinite pou ranvwaye odyans lan nan yon lòt dat.

✓ Karaktè piblik odyans lan :

Odyans lan piblik. Sepandan, ou ka mande prezidan komite jiridik la pou fè sa an prive, sa ki vle di pou yo egzamine dosye w san prezans nan piblik la. Nan ka sa a, l ap fèt otomatikman an prive. Prezidan komite jiridik la ka deside sa tou.

■ Desizyon CNDA a.

Yonfwa CNDA a fin deside, li ap voye desizyon final ba ou pa mwayen lapòs sou fòm " lèt rekòmande avèk avi resepsyon ".

Desizyon an nan lang franse, ansanm ak yon dokiman ki endike siyifikasyon desizyon an nan yon lang ke ou kwè ke ou konprann.

Nan desizyon li pran an, CNDA a kapab :





- anile desizyon OFPRA pran pou rejte demann ou an epi akòde w estati refijye oswa benefis pwoteksyon siplemantè. Lè sa a, w ap benefisye menm dwa yo kòm si ou te rantre nan youn nan de pwoteksyon OFPRA akòde yo ;
- anile desizyon OFPRA pran pou akòde w pwoteksyon siplemantè a epi rekonèt ou kòm yon refijye;
- konfime desizyon OFPRA pran pou rejte demann ou epi rejte apèl ou a;
- nan sèten ka, anile desizyon OFPRA a epi mande l pou l rekonsidere demann ou an.

Ou ka fè apèl nan Lakou kasasyon devan Konsèy Eta a pou konteste kont desizyon CNDA a. Yo pap rekonsidere tout demann ou an, men se sèlman kèk kesyon legal. Pwosedi sa a long e li mande asistans yon avoka espesyalize yo. Ou ka mande èd legal. Apèl sa a pap pwolonje pasaj ou an Frans epi li pap anpeche ke yo voye w tounen nan peyi kote te fèt la. Li t ap bon pou w ta mande konsèy anrapò ak pwosedi sa a nan men yon asosyasyon oswa yon avoka.

■ Desizyon CNDA a mete yon bout nan dwa ou genyen pou yo kenbe w la.

Dwa ou genyen pou yo kenbe w la bout :

- yonfwa yo li desizyon CNDA a si se odyans lan te piblik. Y ap enfòmè de desizyon yo pran an ;
- nan fen desizyon CNDA a si se pa mwayen òdonans yo te deside.

Yonfwa ou pèdi dwa pou yo kenbe w la, ou dwe kite Lafrans e ou gen obligasyon pou w kite teritwa fransè a (gade seksyon 5).

3.3. Reouvèti yon aplikasyon demann azil ki te fèmen.

Nan ka kote yo te fèmen egzamen demann ou an (gade ribrik " Desizyon OFPRA " nan seksyon 3.1), ou ka mande, yon sèl fwa, pou yo relouvri demann ou an nan lespas 9 mwa apre desizyon fèmti dosye w la. Pou sa, ou dwe prezante tèt ou, yon lòt fwa ankò, nan yon estrikti sant resepsyon pou moun k ap mande azil (SPADA) epi nan yon gichè rezève pou anrejistre ankò (gade seksyon 2 a).

Lè sa a, ou gen 8 jou apati dat ou depoze anrejistremman nan prefekti a pou w soumèt yon aplikasyon demann Reouvèti nan OFPRA. L ap relouvri dosye w la epi reprann egzamen aplikasyon demann azil ou a nan nivo kote li te kanpe a.

Si ou mande pou yon reouvèti nan peryòd la 9 mwa a, w ap benefisye dwa pou w rete sou teritwa a ak yon sètifika aplikasyon demann azil y ap remèt ou.

Apre 9 mwa, demann ou fè pou yo relouvri dosye w la pral trete kòm yon demann rekonsiderasyon (gade 3.4 "Rekonsiderasyon demann nan").

3.4. Rekonsiderasyon demann nan.

Après CNDA a fin rejte aplikasyon demann azil ou a oswa si ou pa fè apèl nan yon mwa apre yo te fè w konnen desizyon OFPRA a, ou gen posibilite pou mande OFPRA rekonsidere aplikasyon w lan ankò, men se sèlman si ou gen yon " nouvo eleman ", sa vle di :

- ki vini annapre dat CNDA te pran desizyon l lan oswa anvan desizyon sa a, men ou vin okouran egzistans yo apres a ;
- e ki swa ka jistifye krent laperèz ou genyen pou yo pa pèsèkite w pèsònèlman swa risk pou menas grav k ap tann ou si w retounen.





Ou ka chèche konsèy nan men yon asosyasyon oswa yon avoka.

Pou w soumèt yon demann pou rekonsiderasyon, ou dwe prezante tèt ou yon lòt fwa ankò, nan yon estrikti sant resepsyon pou moun k ap mande azil (SPADA) epi nan yon gichè rezève pou anrejistre ankò (gade seksyon 2).

Lè sa a, ou gen 8 jou apati dat nouvo enskripsyon sa a pou w soumèt demann rekonsiderasyon w lan nan OFPRA. Si demann ou an pa konplè, biwo a ap ba w 4 joun pou w konplete li.

OFPRA ap fè yon premye egzamen sou aplikasyon demann ou a epi nan yon delè 8 apre w fin depoze demann nan, y ap pran yon desizyon pou konnen si wi ou non y ap resevwa l. Pandan egzamen sa a, li pap nesèsè pou yo rele w pou yon entèvyou.

Nan fen egzamen sa a, OFPRA ka deklare demann pou rekonsiderasyon w la pa admisib si enfòmasyon oswa prèv ou soumèt yo pa ka ogmante siyifikativman pwobabilite aksè a pwoteksyon an.

Si OFPRA deklare demann ou a admisib, li pral egzamine l sou baz byenfonde yo epi trete nan kad yon pwosedi akselere, sof si yo pran yon lòt desizyon.

Yon desizyon inadmisiblite oswa rejè ki fèt pa OFPRA sou yon demann pou rekonsiderasyon ka fè apèl nan CNDA a (gade seksyon 3.2).





Èske ou gen dwa rete sou teritwa a pandan demann pou rekonsiderasyon w lan?

Nan kad yon premye demann pou rekonsiderasyon (gade ribrik "Lèt notifikasyon sou desizyon OFPRA a mete yon bout nan dwa ou genyen pou yo kenbe w la" nan seksyon 3.1) :

- si prefekti a estime ou te soumèt demann ou an nan sèl ojektif pou kouri pou yon mezi ekspilsyon e OFPRA deklare yo pap resevwa li, ou pèdi dwa pou rete sou teritwa a apati lèt notifikasyon sou desizyon OFPRA e yo ka pran yon mezi ekspilsyon kont ou epi mete l ann ekzekisyon ;
- si OFPRA te pran yon desizyon pou pa resevwa demann ou an, men prefekti a estime ou pat soumèt demann ou an nan sèl ojektif pou kouri pou yon mezi ekspilsyon, ou pèdi dwa pou rete sou teritwa a apati lèt notifikasyon sou desizyon OFPRA e yo ka pran yon mezi ekspilsyon kont ou men ou ka mande pou tribinal administratif la sispann ekzekisyon an annatandan ou fè yon apèl nan CNDA ;
- si OFPRA deklare demann ou li ka resevwa demann ou an, men finalman li rejte li, ou pèdi dwa pou rete sou teritwa a apati lèt notifikasyon sou desizyon OFPRA e yo ka pran yon mezi ekspilsyon kont ou men ou ka mande pou tribinal administratif la sispann ekzekisyon an annatandan ou fè yon apèl nan CNDA.

Nan kad yon dezyèm demann pou rekonsiderasyon, ou pèdi dwa pou rete sou teritwa a. Yo ka pran yon mezi ekspilsyon kont ou epi mete l ann ekzekisyon epitou yo pap menm bezwen tann desizyon OFPRA.





4. Kondisyon materyèl akèy moun k ap mande azil la ak dwa l

Antan ke moun k ap mande azil, ou gen dwa pou benefisye kondisyon materyèl akèy, ki gen ladan l:

- Yon kote pou rete nan yon sant akèy pou moun k ap mande azil (CADA) oubyen yon sant ebèjman dijans, pou ou ak manm fanmi ou si w genyen (pati 4.1) ;
- Yon alokasyon mensyèl pou moun k ap mande azil (ADA), montan alokasyon an ap adapte selon kantite moun ou genyen nan fanmi ou (pati 4.2).

OFFII ap fè w yon òf pou pran w anchaj k ap bay kondisyon materyèl akèy pandan randevou w la nan gichè rezève a lè w ap anrejistre demann azil ou a (gade seksyon 2.2.2).

W ap jwenn yon akonpayman nan demach administratif ak sosyal ou yo pou fè swivi dosye demann azil ou a avèk aksè a dwa sosyal ke w dwe genyen, tankou nan edikasyon, sante ak travay (pati 4.3 rive 4.5).

4.1. Ebèjman moun k ap mande azil la.

■ Zòn ebèjman yo.

Zòn ebèjman yo se sant dakòy pou moun k ap mande azil yo (CADA) ak tout lòt ebèjman dijans pou moun k ap mande azil (HUDA). Se leta ki finanse ak kowòdone Zòn ebejman yo. Souvan se de asosiyasyon ki jere yo.

Genyen apeprè 100 000 plas ki la pou ebèje moun k ap mande azil sou tout teritwa fransè a, gendwa se apatman, sant kolektif oubyen chanm otèl. Nan CADA e nan HUDA, ou ka rive pataje kèk pyès (tankou kisin, sal de ben, twalèt) avèk lòt moun ou lòt fanmi.

Pou jwenn yon kote pou rete, ou dwe genyen nan men w yon atestasyon pou moun k ap mande azil ki valid.

Nan CADA ak HUDA yo, w ap jwenn yon akonpayman administratif ak jiridik (nan pwosedi azil la ak yon akonpayman sanitè e sosyal (ouvèti dwa sosyal yo, aksè pou jwenn swen, lekòl pou timoun yo, elatriye...). Si w rete nan yon chanm otèl, ou ka jwenn akonpayman sa yo nan yon estrikti sant resepsyon pou moun k ap mande azil (SPADA).





■ Oryantasyon nan zòn ebèjman yo.

OFII ki nan gichè rezève kote w te anrejistre demann azil ou a, ap pwopoze w kondisyon materyèl akèy (CMA), ki gen ladan l'òf yon ebèjman ak yon alokasyon pou moun k ap mande azil la

- **si w pa ta aksepte òf pou yo pran w anchaj la**, yo pap ofri w benefis yo non plis
- **si w aksepte òf pou yo pran w anchaj la**, OFII ap pwopoze w, selon kalite pwosedi azil ou a e selon disponiblite nan depatman an, rejyon an oubyen tout teritwa fransè a, yon plas nan yon CADA ou nan yon ebèjman dijans (HUDA).

Yo ka pwopoze w yon ebèjman andeyò depatman oubyen rejyon kote w te anrejistre demann azil ou a. Si w ta refize pwopozisyon sa a, ou ka pa janm resevwa ADA e yo pap ofri w okenn lòt pwopozisyon ebèjman.

Si pa yon plas disponib, OFII ap voye w nan yon SPADA k ap cache yon ebèjman pou ou.

■ Rantre ak sòti nan ebèjman an.

Si yo admet ou nan yon CADA ou yon HUDA, ou kapab rete la pandan tout tan pwoswadi azil la dire a (OFPRA ak CNDA)

Sepandan, nan kèk sitiyasyon, w ap ka rete la jiskaske OFPRA pran desizyon pou rejte demann ou an (gade ribrik "Nan ki moman kondisyon materyèl akèy ou yo fini?" nan seksyon 4.2.).

Si yo rekonèt ou kòm refijye ou benefisyè pwoteksyon siplemantè a (desizyon definitif pozitif OFPRA ak CNDA), ou dwe kite CADA a oubyen HUDA a nan yon dat limit twa mwa, ki ka renouvle yon sèl fwa. Si w ta rete nan ebèjman an anplis de dat limit la, yo ka oblije pran yon pwosedi ekspilsyon kont ou devan jij jidisyè a.

Si demann azil ou a rejte (desizyon definitif negatif OFPRA a ou CDNA a), ou dwe kite CADA a oubyen HUDA a lè dwa pou w rete sou teritwa a ekspire (gade ribrik « pwen final dwa pou rete a » nan seksyon 3.1 ak 3.2), amwens ke lalwa prevwa yon lòt bagay.

Si w rete nan ebèjman anplis de dat limit la, yo kapab pran yon pwosedi ekspilsyon kont ou. Nan ka sa a, prefè depatman an, oubyen jesyonè CADA a ou HUDA a, ap mande w pou kite espas la. Nan ka kote ou pa ta sòti, prefè depatman an, oubyen jesyonè a, kapab mande jij administratif la pou òdone w kite espas la. Si sa ta nesèsè, fos de lòd polis nasyonal la oubyen jandamri a ap Vin mete w deyò.





4.2. Alokasyon pou moun k ap mande azil la(ADA).

Se OFII ki jere alokasyon pou moun k ap mande azil la e se Ajans sèvis ak pèman ki ap fè pèman an.

Y ap peye w alokasyon sa a, pa mwayen yon kat ke OFII ap ba ou, toutotan w ap benefisye, antan ke moun k ap mande azil, de dwa pou rete sou teritwa oubyen jiskaske yo transfere demann azil la bay yon lòt eta responsab.

■ Kondisyon pou benefisye I.

Pou kapab benefisye alokasyon pou moun k ap mande azil la, ou dwe:

- 1- se pou w genyen yon sètifika aplikasyon demann azil ;
- 2- se pou w genyen 18 an ;
- 3- si w ap mande azil, se pouw aksepte kondisyon materyèl akèy ke OFII pwopoze w nan randevou gichè rezève a.

Eske m ka benefisye kondisyon materyèl akèy san sètifika aplikasyon demann azil la?

Tankou sa paret anwo a, ou dwe genyen yon sètifika aplikasyon demann azil ki valid pouw ka benefisye kondisyon materyèl akèy yo.

Sepandan, yo ka refize ba ou kondisyon materyèl akèy yo si w te prezante yon demann reegzamen oubyen si w te mande azil la an reta, san w pat gen yon bon motif pou sa (gade ribrik “ kalifikasyon demann azil ou a” nan seksyon 2.2.1), menm lè ou genyen yon sètifika aplikasyon demann azil la.

An plis de sa, moun k ap mande azil yo, ki pèdi sètifika aplikasyon demann azil la ou byen li pa renouvle paske OFPRA deside rejte yon demann azil ki nan pwosedi akselere pou kèk motif (peyi orijin ki pa gen problèm, gwo menas pou lòd piblik), kapab kontinye benefisye kondisyon materyèl akèy yo aprè desizyon OPFRA a, e nan ka yon Apèl devan CNDA a, jiskaske yon jij bay dizon I (jij administratif ou jij azil la). Ou ta dwe note ke, nan ka say o, yo ka adapte ou ranplase alokasyon an avek èd materyèl

■ Fòmilyasyon demann nan.

Si w ap mande azil, ou gen dwa jwenn alokasyon pou moun k ap mande azil la, aprè w fin anrejistre demann ou an nan gichè rezève a e jiskaske w asepte òf pou pran anchaj ke OFII ap prezante w.

Y ap kòmanse peye w alokasyon an aprè demann ou an rive nan OFPRA, nan yon dat limit 21 jou aprè anrejistremman demann azil ou a.

■ Montan alokasyon an.

Pou benefisye alokasyon pou moun k ap mande azil la, ou dwe montre ke resous finansyèl mensyèl ou pipiti ke montan revni solidarite aktif la (RSA).

Montan alokasyon an kalkile selon yon barèm k ap konsidere kantite moun ki gen nan fanmi ou, resous ou genyen ak kote w ebèje.





■ Vèsman.

Premye vèsman alokasyon pou moun k ap mande azil la ap rive aprè ke demann azil ou a rive nan OFPRA. Si w te bay OFII yon nimero telefòn pòtab, y ap enfòmè w lè yo chaje kat ou a pa SMS.

Y ap peye w alokasyon an rive nan dènye jou mwa kote dwa pou rete sou teritwa fransè a fini (gade ribrik “ pwen final dwa pou rete a” nan seksyon 3.1 ak 3.2).

Yo pap kontinye peye w alokasyon an nan mwa ki Vin aprè notifikasyon desizyon definitif pou demann azil la.

■ Apèl la.

Ou dwe obligatwaman fè OFII konnen tout chanjman ki rive nan sitiyasyon w, tankou dwa pou w rete, sitiyasyon famiyal ou, resous ou oubyen travay ou.

Nan ka kote OFII ta konteste desizyon ADA te pran an, ou dwe fè yon Apèl bò kote OFII, tribinal administratif la konpetan nan ka yon Apèl an kontestasyon.

Kilè kondisyon materyèl akèy ou yo ap fini?

Benefis kondisyon materyèl akèy yo fini nan menm mwa kote dwa pou rete sou teritwa a kòm azil la fini tou

Moun k ap mande azil yo, ke dwa pou rete a fini aprè ke OFPRA pran yon desizyon pou rejte yon demann azil ki nan pwosedi akselere pou kèk motif (peyi orijin ki pa gen pwoblèm, gwo menas pou lòd piblik) benefisyè kondisyon materyèl akèy yo jiskaske tribinal la rejte demann pou sispann egzekisyon mezi ekspilsyon an ou jiskaske CDNA a deside sou sa (gade seksyon 5.1).

Si yo rekonet ou kom refijye oubyen w jwenn benefis pwoteksyon siplemantè a, benefis alokasyon an ap kanpe nan fen mwa ki Vin aprè mwa yo te notifiye desizyon an.

Sepandan, kondisyon materyèl akèy yo ka kanpe lè:

- san motif lejitim, ou abandone Zòn ebèjman an;
- le w pa respekte obligasyon pou w prezante devan otorite yo, ou pa reponn demann enfòmasyon yo oubyen ou pa ale nan antretyen pèsònèl yo konsènan pwosedi azil la;
- OFII te voye w nan yon lòt Zòn ebèjman ou yon SPADA ki nan yon lòt rejyon epi ou pa prezante w nan dat limit senk jou ke yo bay la;
- OFII te voye w nan yon lòt rejyon epi w kitel san OFII pa otorize w fè sa.
- ou te kache resous finansyè w
- ou te bay enfòmasyon ki pa bon sou sitiyasyon famiyal ou;
- ou te prezante plizyè demann azil ak plizyè idantite;
- ou te gen yon konpòtman vyolan oubyen ou vyole règleman Zòn ebèjman w.

Y ap pran desizyon aprè w fin prezante bay OFII obsèvasyon w yo pa ekri. Sa kapab fè ke, nan ka ke w te kache resous finansyè w, ou te bay manti sou sitiyasyon famiyal ou epi w te prezante plizyè demann azil ak plizyè idantite ki diferan, y ap mande w remèt tout kòb yo te ba ou yo.

4.3. Aksè pou jwenn edikasyon.

Aksè nan sistèm edikasyon pou pitit moun k ap mande azil yo se menm bagay pou pitit fransè yo.





Konfòmman ak kòd sou edikasyon an (atik L. 111-2), « *tout timoun gen dwa pou jwenn yon fòmasyon eskolè ki, ajoute a aksyon fanmi yo, rive bali edikasyon l* ». Sonje ke « *enstriksiyon se yon obligasyon pou tout tigason ak tifi, franse ak etranje, ki genyen 6 an rive 16 an* » (atik L. 131-1 kòd ki te site piwo a).

Se nan lameri pou w fè enskripsyon pou lekòl primè. Se pouw prezante tout dokiman ki montre relasyon w avèk timoun nan, kote w abite epi fò timoun nan pran tout vaksen l.

Enskripsyon nan yon etablisman pou etid segondè (kolèj ou lise) fèt dirèkteman nan etablisman ki pi pre kote w abite a.

Estrikti ki gen chaj pou ba w akonpayman administratif, jiridik ak sosyal, ke se estrikti ki regle zafè ebèjman w ou yon estrikti sant akèy (SPADA) anba konvansyon ak OFII (gade pwen 2.1), kapab ba w èd pou fè demach sa yo.

4.4. Aksè pou jwenn swen.

■ Kibò w ka al pran swen ?

- **Lakay yon pwofesyonèl sante(ki pa nan lopital)**

Si w gen pwoblèm sante, ou kapab konsilte yon medsen « jeneralis » ki ap egzamine w epi preskri w medikaman ke w gen bezwen. Li ap voye w al jwenn yon medsen espesyalis oubyen yon oksilye medikal(enfimye, mase kineziterapet...) Si w bezwen egzamen ou swen anplis.

- **Nan famasi a:** pou achte medikaman yo oubyen pou mande konsèy.
- **Nan lopital la:** nan ka dijans, oubyen Si w gen randevou pou fè kèk egzamen ou kèk konsiltasyon ak espesyalis.


Swen sa yo pa gratis, men kouvèti maladi w ap pran yo anchaj (gade paragaf ki vin annapre a).

An atandan w jern kouvèti maladi w la, ou kapab jwenn swen gratis nan estrikti ki Vin apre yo :

- Pou tout kalite swen:
 - Ou kapab ale nan pèmanans aksè swen sante yo (PASS) ki jeneralman nan yon lopital. W ap jwenn medsen k ap pran swen w epi y ap ba w medikaman gratis.
 - Kèk asosiyasyon espesyalize (Medsen dimond, COMEDE...) bay konsiltasyon gratis nan medsin jeneral, konsiltasyon dantè, oubyen konsiltasyon espesyalize(jinekolojik, oftalmolojik ou psikolojik, elatriye...).
- Pou kèk pwoblèm espesifik:
 - Pou swivi gwosès fanm ki ansent, swivi ak vaksinasyon timoun ki gen mwens ke 6 an: nan sant PMI(Pwoteksyon matènèl enfantil)
 - Pou kapab depiste tibekilòz: nan CLAT(sant lit anti tibekilòz)
 - Pou depistaj VIH, epatit ak enfeksyon seksyèlman transmisib: nan Sant enfòmasyon, depistaj ak diagnostik gratis (CeGIDD)
 - Pouw jwenn mwayen kontrasepsyon: sant planifikasyon famiyal (CPEF)
 - Pou dejwe yo ; nan Sant swen, akonpayman ak prevansyon adiktoloji (CSAPA)

Chache konnen bò kote estrikti premye akèy ou a, sant ebèjman w lan ou lopital lokal la pou w ka jwenn kote yo ye, oubyen konsilte <http://annuaresante.ameli.fr>





Nan ka yon ijans medikal, rele 15 ou 112, oubyen ale nan ijans lopital ki pi pre w la Si w paka rele.

■ Kisa m dwe fè yo pou yo pran swen sante m yo anchaj ?

An Frans, swen yo pa gratis men ou kapab benefisye yon kouvèti maladi ki ka pran anchaj tout oubyen yon pati nan depans sante w yo.

Se kouvèti asirans maladi inivèsèl (PUMa) ak Konplemantè sante solidè a (CSS). Yo akòde l sou kondisyon resous yo.

Sistèm sa a kouvri tout swen kouran yo, sa gen ladan l linèt, pwotèz dantè, elatriye. Anplis de, Konpleman sante solidè a pèmèt ou benefisye swen sa yo san w pa bezwen bay lajan davans, ansanm ak rediksyon pou frè transpò yo.

Ou ka fè yon demann pou vin benefisye de li bò kote Kès primè asirans maladi ou a (CPAM) ki nan Zòn ou abite a :

- **Depi nan anrejistreman demann azil pou pitit ou yo ki minè :** W ap sèlman bezwen konplete fòmilè « Demann dwa aksè nan asirans maladi » ak « Demann Konplemantè sante solidè » epi, tou ajoute sètifika demann azil yo landan l lan.
- **Aprè 3 mwa abitasyon Lafrans pou ou menm (oswa konjwen l) :** w ap bezwen konpete fòmilè sa yo yon lòt fwa ankò epi ajoute ansanm ak li sètifika demann azil la ansanm ak yon pyès ki jistifye ou rezide an Frans depi plis pase 3, pa egzanp :
Atestasyon lojman yon sant ebèjman bay pou 3 dènye mwa yo ; atestasyon abitasyon ki gen plis pase 3 mwa; sètifika demann azil ki gen plis pase 3 mwa ; tout dokiman estrikti sant resepsyon pou moun k ap mande azil yo (SPADA) bay ki gen plis pase 3 mwa; si se yon lòt moun ki ebèje w, yon atestasyon moun sa bay ki di depi kilè li kòmanse ebèje w ak pyès ki jistifye domisil li a (papyè lwaye, bòdwo kouran...) ki sou non l pou 3 dènye mwa yo, elatriye.

Si ou menm oswa pitit ou yo bezwen jwenn swen rapid, ou kapab ajoute yon pyès ki jistifye ke w bezwen pran swen rapid, pou yo kapab etidye dosye w la rapidman ak pou w benefisye kouvèti asirans ou a pi rapid.

Ou ka fè estrikti sant resepsyon pou moun k ap mande azil ou a (SPADA), sant ebèjman (CADA, HUDA...) w lan oubyen tou sèvis sosyal yon lopital ka ede w nan demach sa.

Kouvèti asirans maladi w ap kòmanse nan dat ou transmèt dosye w la nan CPAM nan. Kidonk, li enpòtan pou w fè demann pou pitit ou a san pèdi tan (depò nan anrejistreman demann azil ou a) epi yonfwa w ka jistifye ou gen 3 mwa rezidans an Frans pou ou menm oswa pou konjwen w.

W ap resevwa yon atestasyon ke w ap pote kay medsen an, nan lopital la, nan famasi a pou yo siyen. Y ap voye l bay gichè ki nan adrès ki mansyone sou fòmilè yo: Ou dwe mete adrès kote w abite a sou fòmilè a.

W ap benefisye kouvèti asirans lan pandan tout pwosesis demann azil la e menm aprè sa, si w rive benefisye pwoteksyon entènasyonal la. Etandone, Konplemantè sante solidè a valab pou 1 an, w ap bezwen depoze yon nouvo dosye chak ane pou w kontinye benefisye l. E si posib, ou dwe fè sa ant 4 – 2 mwa anvan dat sètifika w la ap fini.

Tout pandan w ap tann aksè nan dwa w yo, ou ka toujou jwenn swen nan kouran yo san w pa peye lajan nan estrikti gratis ki mansyone nan patin ou jwenn anvan « Kibò w ka al pran swen ? »

Y ap « swen ljans » lopital ou yo an chaj tou. Ladan yo gen swen kip a ka tann, pa egzanp : swen pou yon blese grav, yon frakti, yon brile, yon malady grav oswa trapan, tout swen pou timoun ki poko majè ak fam ansent (tankou egzamen prevansyon ki fèt anvan e apre yon gwosès, yon akouchman, yon entèripsyon kont yon gwosès...) **W ap bezwen prezante sètifika demann azil ou a lè w rive lopital la pou w ka benefisye swen san frè yo.**





SA POU W SONJE

Mande kouvèti asirans maladi nan CPAM ki nan zòn ou abite a depi nan anrejistreman aplikasyon demann azil ou a pou ou menm ak pou pitti ou yo ki minè yo (oswa pou konjwen w) depi w gen plis pase 3 mwa depi w ap viv an Frans.

Pandan w ap tann kouvèti asirans maladi a, ou ka jwenn swen gratis nan kèk estrikti kote yo bay swen oswa pou “swen ijans” ou yo lopital: prezante sètifika demann azil ou a.

Ou dwe enfòme CPAM de tout chanjman sitiyasyon: voye yon kopi de chak nouvèl sètifika aplikasyon demann azil, nouvèl atestasyon domisil, ak yon kopi resepsis demann tit sejou Si w jwenn benefis pwoteksyon entenasyon.

4.5. Aksè pou w jwenn travay.

An tan ke moun ki mande azil, yo ka otorize w travay lè OFPRA, pou rezon ki pa depann de ou, pa deside sou demann azil ou a nan yon dat limit si mwa apati de entwodiksyon demann ou an.

Nan ka sa, ou kapab, lè w prezante yon demann otorizasyon pou travay ke moun ki pral anplwaye w la ranpli, mande yon otorizasyon bò kote sèvis mendèv (SMOE) de DIRECCTE ki nan depatman kote w abite a.

Se prefè/DIRECCTE/SMOE, ki gen yon dat limit de mwa apati de demann ou an pou etidye dosye w la epi pran yon desizyon an rapò ak demann otorizasyon travay la. Si w pa resevwa yon repons nan dat limit sa, ou ka konsidere ke w jwenn otorizasyon an. Y ap voye l bay moun ki pral anplwaye w la epi ou menm tou, e lap aplikab pou dat limit dwa pou rete sou teritwa a.

Nan ka kote yo dakò, prefè a ap voye otorizasyon travay ki gen kontra ki pi plis ke 3 mwa oubyen kontra pa sezon yo bay OFII.

Yo ka refize ba w otorizasyon an, pa rapo a sitiyasyon travay nan rejyon an oubyen nan sektè ki konsène a, amwens ke w postile pou yon anplwa ki sou yon lis metye ki gen difikilte pou yo jwenn moun pou yo.

Si w gen yon otorizasyon pwovizwa pou travay e nan ka kontra travay ou a kraze pou yon rezon ki pa depann de ou oubyen apre dat limit yon kontra travay limite ou yon kontra enterim, ou kapab mande pou enskri w kom moun k ap cache travay nan pòl anplwa.

Si w se yon mine ki pa akonpanye epi ou genyen yon otorizasyon travay pou fini ak yon kontra aprantisaj ou pwofesyonnalizasyon pou yon tan limite, ou kapab pouswiv ak kontra w la si w depose demann azil ou a apati 1^{ye} mas 2019.

Finalman, si yo admèt ou sou mache travay la, ou pral kapab benefisye tou de fòmasyon pwofesyonèl yo, nan kondisyon ki tabli nan Kòd Travay la.





5. Konsekans rejè aplikasyon demann azil la sou dwa pou rete sou teritwa a

5.1. Desizyon rejè OFPRA oubyen CNDA a.

■ Lèt notifikasyon sou desizyon OFPRA a mete yon bout nan dwa ou genyen pou yo kenbe w la.

✓ Apèl nan CNDA a pa sispann

Kòm yo di sa nan seksyon 3.1, ou pèdi dwa ou genyen pou yo kenbe w sou teritwa nasyonal la depi OFPRA te pran youn nan desizyon sa a yo kont ou:

1. yo decide pou yo pa resevwa demann ou a paske ou deja gen pwoteksyon ki deja pwononse nan yon lòt Eta e si Eta sa a pa yon manm nan Inyon Ewopeyen an, yo ka transfere w ladan l (gade seksyon 3.3);
2. yon desizyon fèmte (gade seksyon 3.3.);
3. yo decide pou yo pa resevwa demann ou an depi nan premye demann pou rekonsiderasyon an kite prezante alòske yo te pran yon mezi ekspilsyon kont ou.

Nan ka sa, yo kapab retire oubyen yo pa renouvle sètifika aplikasyon demann azil la e yon obligasyon pou w kite teritwa fransè ka pran kont ou. Apèl devan CNDA a pas sispansif e yo ka egzekite yon mezi ekspilsyon kont ou nenpòt kilò.

Si w te enfome OFPRA ke w retire demann azil ou a, ou tou pèdi dwa pou w rete a e Apèl devan CNDA a pa sispansif.

✓ Apèl bò kote CNDA a pa otomatikman sispansif:

Dwa pou rete sou teritwa fini tou le OFPRA te pran youn nan desizyon sa yo :

1. yo decide pou yo pa resevwa demann ou an depi nan premye demann pou rekonsiderasyon an kite prezante alòske yo te pran yon mezi ekspilsyon kont ou.
2. yo decide rejte demann ou a, yon demann pou rekonsiderasyon yo twouve ki admisib ;
3. yo decide rejte demann ou an, yon aplikasyon demann azil ki te plase nan kad yon pwosedi akselere alòske ou soti nan yon peyi ki gen sekirite;
4. yo decide rejte demann ou an, yon aplikasyon pou azil mete ki te plas nan kad yon pwosedi akselere alòske prezans ou sou teritwa nasyonal la reprezante yon menas grav pou lòd piblik
5. yo decide pou yo pa resevwa demann ou a oswa rejte l si ou gen sanksyon ekspilsyon oswa yon entèdiksyon sou teritwa administratif oswa jidisyè yo e yo te plase w nan rezidans siveye oswa kenbe w nan gadavi oswa retansyon (gade seksyon "Gen yon lòd pou depòtasyon, yon entèdiksyon nan teritwa kote w ye a ke yon administrasyon oswa yon tribinal te decide kont ou? " nan seksyon 2.2.1).

Nan ka 1 rive 4, yo ka retire oubyen pa renouvle sètifika aplikasyon demann azil la e yon obligasyon pou w kite teritwa fransè a ap pran kont ou.

Yonfwa yon OQTF sòti kont ou, ou kapab Vin nan rezidans siveye pou yo ka fè yon trètman rapid ak yon swivi efikas demann azil ou a oubyen yo ka mete w nan gadavi lè sa nesèsè pou yo ka detèmine baz demann ou an oubyen lòske pwoteksyon sekirite nasyonal la oubyen lòd piblik la mande sa.





Si Apèl a pa otomatikman sispansif, ou kapab omwen mande tribinal administratif la, nan kad Apèl w la kont OQTF kite sòti kont ou a, poul sispann egzekisyon mezi ekspilsyon an pandan tan ke w fè yon Apèl devan CDNA kont desizyon OFPRA a, e si CDNA a sezi, poul kapab deside sou sa.

